



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PREZANS REKÒ NAN PAK ETA YO

Prezans 2024 nan tout eta a te atenn 88.3 milyon moun, sa ki depase rekò anvan yo te etabli an 2023 ak 4 milyon moun

Rasanbleman pou santènè Pak yo ak obsèvasyon eklips, Inisyativ natasyon gratis Gouvènè a te kontribye nan 12è ane konsekitif nan ogmantasyon prezans

Estrateji Dekonekte epi Jwe Gouvènè a ankouraje plis rekreyasyon ki an sante pou fanmi Nouyòk yo

Done sou frekantasyon pak yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pak eta yo, sit istorik, teren kan ak santye ki te opere pa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta Nouyòk York te wè yon rekò 88.3 milyon vizit nan ane 2024 la. Total vizit nan tout eta a te ogmante pa plis pase kat milyon, ki se yon ogmantasyon senk pousan konpare ak ane rekò anvan an 2023. Chif sa yo reflete angajman Gouvènè Hochul pran pou ogmante aksè nan pak ak lwazi deyò, ki gen ladan investisman li nan 100è anivèsè sistèm pak la ane pase a, evènman obsèvasyon eklips solè total 2024 ki te kraze rekò aktivite touristik eta a, ak inisyativ natasyon gratis li yo.

"Nouvo rekò prezans sa a se yon rezilta angajman nou pou ogmante opòtinite pou rezidan yo ak vizitè yo pou yo jwi rekreyasyon ki an sekirite, ki an sante, kit se atravè natasyon, randone, kan, oswa rasanbleman pou nou admire panorama, plaj ak kaskad dlo klas mondyal nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen chans ke pak eta nou yo ofri yon repo ki nesèsè anpil nan peyizaj dijital adiktif anpil moun yo ekspoze ak li, epi avèk estrateji "Dekonekte epi Jwe" mwen an, nou pral asire plis Nouyòkè ak jenerasyon k ap vini yo gen aksè ak enstalasyon rekreyasyon fenomenal nan pak eta yo ak nan pwòp kominote pa yo."

Pandan de dènye deseni yo, prezans nan Pak Eta yo te ogmante san rete, ogmante a 66 pousan, epi ane pase a make 12è ogmantasyon anyèl youn apre lòt. Santènè pak ak sit istorik Eta Nouyòk te kontribye nan ogmantasyon vizit sa a an 2024. Selebrasyon ki dire tout ane a te onore pèsonalite enfliyan ak moman enpòtan yo nan devlopman Pak

Eta yo epi li te bay ajans lan yon opòtinite pou konekte ak kominote lokal yo atravè eta a nan òganize plizyè douzèn evènman ki gen tematik Santenè a.

Nan dat 8 avril, Pak Eta yo te òganize yon seri evènman ak aktivite pou selebre eklips solè total ki ra ki te pase nan lwès Nouyòk, Finger Lakes ak Adirondacks. Gouvènè Hochul te yonn nan 45,000 vizitè ki te fè eksperyans evènman selès la nan Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park). Eklips la te mennen [chif touris ki bat rekò](#) nan Nouyòk soti 6 avril rive 9 avril ane pase.

Inisyativ natasyon gratis Gouvènè Hochul te ranfòse nouvo rekò a. Anvan wikenn 4 jiyè ane pase a, Gouvènè Hochul te retire frè pou antre nan pisin nan Pak Eta yo pandan tout ete a. Atravè Jounen Travay la, prezans nan pisin te ogmante 36 pousan, ak plis pase 542,000 moun ki te vizite yon pisin Pak Eta yo. Vennde etablisman te òganize lesou natasyon gratis, [sa ki te triple kantite enstalasyon nan ane anvan yo](#) epi anseye plis pase 2,000 elèv ki jan pou yo naje.

Komisè Tanporè Pak Eta yo, Randy Simons, te deklare, "Pak Eta yo se youn nan sistèm pak ki pi admire nan mond lan, epi li akeyi plizyè milyon vizitè plis pase anvan pou dekonekte epi jwe! Sipò kontinyèl Gouvènè Hochul pou rekreyasyon deyò ak konsèvasyon tèren, ansanm ak pasyon ak travay di ekip Pak Eta nou an, san dout te ede nou atenn nouvo rekò sa a. Nou pa ka tann pou nou travay ansanm avèk patnè atravè eta a pou kontinye momantòm lan, ede byennèt mantal ak fizik tout moun, ankouraje abòdabilite epi ede bay bourad ekonomik pou kominote ozalantou Empire State la pou plizyè ane kap vini yo."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Mwen ekstrèmman kontan pou m rejwenn Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo pou m kontinye investi nan pak eta a, zòn lwazi, ak sit kiltirèl nou yo. Yo pwouve yo se yon motè esansyèl pou devlopman ekonomik Nouyòk la, ki pote plizyè milyon vizitè chak ane ak yon valè antrenèk enfini nan kominote nou yo, sa ki enpòtan pou kwasans dirab alontèm."

Kan te kontinye rete yon òf demann nan Pak Eta yo an 2024 ak 2,206,986 kanpè ki te monte tant yo nan enstalasyon pak Eta Nouyòk yo. Avèk plis pase 226,000 rezèvasyon, kan yo te pase yon 753,731 nwit kolektif anba etwal pandan y ap bay yon bourad nan ekonomi lokal yo.

[Defi Byennèt Pak Eta Nouyòk](#) la te lanse 1e janvyè pou ankouraje alafwa byennèt mantal ak lwazi deyò pandan y ap edike rezidan yo ak vizitè yo sou aktivite ki konsantre sou byennèt nan Pak Eta an 2025. Defi a te fèt pou an akò ak efò Gouvènè Hochul pou ankouraje Nouyòkè yo dekonkete yo ak aparèy yo epi jwi deyò. Defi a gen 50 misyon ke yo ka ranpli nan divès Pak Eta yo. Yon fwa patisipan yo fini 25 nan 50 misyon ki disponib yo, yo pral resevwa yon otokolan komemoratif ak kat postal y ap voye nan adrès yo kòm yon pri.

Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 Gouvènè Hochul la pwopoze 200 milyon dola pou Pak Eta yo pou investi ak ede transfòmasyon kontinyèl pak prensipal Nouyòk yo epi

sipòte pwojè enfrastrikti enpòtan nan tout sistèm pak la. Nouvo [inisyativ Dekonekte epi Jwe](#) Gouvènè a prevwa tou 100 milyon dola pou konstriksyon ak renovasyon sant kominotè yo nan Konstwi Enfrastrikti Lwazi pou Kominote, Timoun ak Granmoun Aje (Build Recreational Infrastructure for Communities, Kids and Seniors, NY BRICKS), 67.5 milyon dola pou inisyativ Plas pou Aprantisaj, Aktivite ak Sosyalizasyon Jèn (Places for Learning, Activity and Youth Socialization, NY PLAYS) k ap ede kominote Nouyòk yo konstwi nouvo lakou rekreyasyon ak renovasyon lakou rekreyasyon ki egziste deja; ak yon lòt 50 milyon dola pou inisyativ Envestisman nan Tout Eta a nan Plis Natasyon (Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS) ki sipòte minisipalite yo nan renovasyon ak konstriksyon enstalasyon natasyon yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, epi li akeyi plis pase 88 milyon vizitè chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) gratis la oswa rele nan (518) 474-0456. Konekte avèk yo sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter), ak [Blòg OPRH](#) oswa atravè [Sal Laprès OPRHP](#) la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)